# ЖИЗЗАҚ ЎӘЛАЯТЫНЫҢ МУЗЫКАЛЫ ДРАМА ТЕАТРЫ ЖӘМӘӘТИ РЕСПУБЛИКАМЫЗДА

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (52 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (52 KB)

**Усы жылдың 13-16-февраль күнлери аралығында Жиззақ ўәлаятының музыкалы драма театры жәмәәти гастроль сапары менен республикамыздың Төрткүл, Беруний, Елликқала районларында болады.**

Театр жәмәәти Умитжан Нурматовтың режиссёрлығында сахналастырылған «Тойлар мүбәрек» спектаклин тамашагөйлердиң нәзерине усыныў режелестирилмекте.

Театр жәмәәти 13-14-февраль күнлери Төрткүл районында (саат 11-00 ҳәм 15-00 те), 15-февраль күни Елликқала районында (саат 11-00 ҳәм 15-00 те), 16-февраль күни Беруний районы (саат 11-00 ҳәм 15-00 те)гастроль сапарында болады.

Бундай илажды өткериўден тийкарғы мақсет – Өзбекистан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтиң басшылығында 2017-жыл 3-август күни Ташкент қаласында Өзбекистан дөретиўши зыялылары ўәкиллери менен болып өткен видеоселектор мәжилисинде көрсетилип өтилген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў ушын қабыл етилген Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 21-сентябрьдеги «Министрликлер менен ведомстволардың хызметкерлери шөлкемлескенлик пенен театрларға барыўын шөлкемлестириў, театрлар менен дөретиўшилик жәмәәтлердиң республикамыз бойлап гастроль сапарларын әмелге асырыў илажлары ҳаққында»ғы мәжилис баянламасын орынлаўдан ибарат.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги**

Sa'ne: 12.02.2018 17:15, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'